



Pou Piblikasyon Imedya: 15/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU METE FEN NAN IZIN BÈT DOMESTIK LA

*Lejislasyon (S.1130/A.4283) entèdi lavant chen, chat ak lapen nan magazen bét domestik ki vann an detay*

*Pèmèt magazen bét yo chaje lwaye pou abri pou itilize espas yo pou adopsyon*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.1130/A.4283) pou entèdi lavant chen, chat, ak lapen nan magazen bét domestik yo, ki vize mete fen nan izin ti chen nan magazen bét domestik ak sispann elvè abizif yo. Dapre yon akò avèk Lejislati a, lejislasyon sa a pral antre an vigè an 2024 epi li pral pèmèt tou magazen bét domestik yo chaje lwaye pou abri pou itilize espas yo pou adopsyon.

"Chen, chat ak lapen atravè New York merite kay ki gen lanmou ak tretman konpatisan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a, ki pral pèmèt nou pran mezi enpòtan pou diminye tretman sevè ak pwoteje byennèt bét yo atravè eta a".

Lejislasyon (S.1130/A.4283) gen pou objektif anpeche achte ak vann bét ki soti nan men elvè abizif yo a gwo echèl ki manke swen veterinè apwopriye, manje oswa sosyalizasyon. Souvan fwa, bét sa yo gen pwoblèm sante ki soti nan move elvaj epi yo ka koute fanmi yo plizyè milye dola nan swen veterinè. Lejislasyon an pral kontinye pèmèt magazen bét domestik yo òganize sèvis adopsyon ansanm avèk abri bét oswa òganizasyon sekou pou ede konekte Nouyòkè yo avèk bét ki bezwen yon kay.

**Senatè Eta a, Michael Gianaris te deklare**, "Jodi a se yon gwo jou pou zanmi kat pat nou yo ak yon gwo pa annavan nan batay nou kont izin ti chen ki abizif ak kriyèl. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li defann bét emab ki san vwa yo ki se manm fanmi nou yo epi ki merite respè nou te montre yo jodi a".

**Manm Asamble Linda B. Rosenthal te deklare**, "Mwen remèsye anpil Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a pou fèmen izin ti chen an. Eta New York p ap pèmèt ankò izin pou ti chen ki vreman kriyèl nan peyi a founi boutik bét domestik nou yo epi touche yon pwofi nan mechanste sou bét ak konsomatè ki pa konprann yo. Lè yo mete fen nan vant chen, chat ak lapen nan magazen bét domestik, abri ak sekou yo pral

kapab fè patenarya ak magazen sa yo pou montre bêt adoptab epi mete yo nan kay pou toutan. Anpil fanmi pral epaye soufrans pou depanse plizyè milye dola nan yon nouvo bêt domestik li renmen anpil ki gen domaj jenetik ak maladi kwonik. Wòl New York kòm yon lidè nan anpeche mechanste sou bêt yo pral enspire lòt eta yo suiv egzanp, epi se yon bagay Gouvènè a ak nou tout ka fyè dèské nou te akonpli sa".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418